

SISINDIRAN

Sisindiran kaasup kana salah sahiji wangun ugeran (puisi) buhun. Kecap sisindiran asalna tina kecap sindir anu maksudna sisi. Ngomong sindir maksudna ngomong anu nyisi, henteu poksang ceplak pahang, sangkan omongan urang karasana henteu nyentug atawa ngagasruk ka jalma anu diajak nyarita.

Dina sisindiran aya maksud anu dikedalkeun henteu saceplakna, tapi dibulen ku kecap-kecap sejen anu ngandung karasmen, dipalar pikaresepeun. Lamun diibaratkeun kana bungbuahan mah, aya cangkang jeung eusina. Ku lantaran kitu, M.A. Salmun (1963:57) netelakeun yen sisindiran bisa disebut oge kesenian ngareka basa anu diwangun ku cangkang jeung eusi, pikeun ngedalkeun maksud anu henteu saceplakna bari dipamrih karesmianana.

Sisindiran lain kabinangkitan urang Sunda wungkul, tapi kum ka sakuliah Indonesia, ngan beda-beda nyebutna. Di Sunda disebutna sisindiran, di Jawa disebutna *parikan*, di Malayu mah *pantun*, di Tapanuli mah *ende-ende*, jeung sajabana ti eta.

Wangunan sisindiran teh kauger ku purwakanti, jumlah engang dina unggal padalisan, jeung jumlah padalisan. Sisindiran mibanda sipat anu rupa-rupa, nya eta silih asih, piwuruk, jeung kaheureuyan. Ditilik tina wangun jeung cara ngebrehkeunana sisindiran teh bias dibagi jadi tilu golongan, nya eta 1) rarakitan, 2) paparikan, 3) wawangsalan.

1) Wawangsalan

Aya anu nyebutkeun yen wawangsalan teh asalna tina kecap wangsul anu lila-lila jadi wangsul, hartina balik. Ku lantaran kitu wawangsalan sok disebut oge bangbalikan. Ceuk sawareh deui kecap wawangsalan teh asalna tina kecap angsal, anu hartina beunang, sabab dina wawangsalan teh aya sabangsa teteguhan anu kudu kapanggih eusina. Nilik kana wangunna wawangsalan teh aya dua rupa, nya eta a) bangbalikan lanjutan, 2) bangbalikan-dangding

Wawangsalan diwangun ku dua padalisan; padalisan kahiji mangrupa cangkang, padalisan kadua eusina. Unggal padalisan matok diwangun ku dalapan engang. Pakaitna cangkang jeung eusi ku ayana wangsul anu murwakanti jeung kecap konci anu jadi inti dina padalisan eusi.

Ieu di handap conto bangbalikan-lanjutan anu geus ngalemah jadi paribasa.

- | | |
|----------------------------------|---------------------|
| 1. Teu puguh monyet hideungna | (lutung; wangsul) |
| Teu puguh <i>tungtungna</i> | (kecap konci; inti) |
| 2. Geus jadi sabiwir hiji | (balem; wangsul) |
| Jadi <i>pangaleman</i> jalma | (kecap konci; inti) |
| 3. Teu beunang disupa dulang | (kejo; wangsul) |
| Teu beunang <i>dibebenjokeun</i> | (kecap konci; inti) |

Lian ti eta, aya deui wawangsalan anu dirakit jadi guguritan, anu ceuk M.A. Salmun mah disebutna teh bangbalikan dangding. Contona saperti ieu di handap.

Kinanti

Di Cikadang aya gunung,
asa paturay jasmani cikuray
kalong leutik saba gedang
bawaning sumedot piker cocodot
kembang biru di astana
abot pisan jeung nu asih samoja

2) Rarakitan

Nurutkeun M.A. Salmun (1963:61-62) rarakitan teh nya eta wangun sisindiran anu kecap awal unggal padalisan cangkang dibalikan deui dina padalisan eusi, nepi ka siga masang, ngarakit. Sipat kitu dipapandeu jeung sipat rakit (sabangsa parahu dijieun tina awi leunjeuran disusun ku kekep) anu papak di puhuna. Geura ilikan contona di handap.

Lain bangban lain pacing
Lain kananga kuduna
Lain babad lain tanding
Lain ka dinya kuduna

Rarakitan kagolong kana puisi rayat, turun-tumurun sarta sumebar ku cara lisan di lingkungan masarakat bari teu kapaluruh saha anu nyiptana atawa anu ngarangna (anonim). Ari gancang nerekabna utamana mah lantaran mindeng dipidangkeun dina seni kawih. Nilik kana eusina, rarakitan teh aya anu kaasup kana paparikan piwuruk, silih asih, jeung sesebred.

Piwuruk

Lamun urang ninun kanteh
Ulah resep make poleng
Lamun urang leutik keneh
Ulah resep ngomong goreng

Meugeus diangkir ku jeungjing
Geura ganti ku kahiang
Meunggeus pelesir ti peuting
Geura ganti ku sambeang

Sing getol nginum jajamu
Nu guna nguatkeun awak
Sing getol neangan ilmu
Nu guna dunya aherat

Sesebred

Sok hayang nyaba ka Bandung
Sok hayang nyaho nanjakna
Sok hayang nanya nu pundung
Sok hayang nyaho nyentakna

Majar maneh cengkeh koneng
Kulit peuteuy dina nyiru
Majar maneh lengkeh koneng
Kulit beuteung meuni nambru

Rarasaan melak cau
Teu nyaho mun melak jahe
Rarasaan matak lucu
Teu nyaho mun matak rehe

Rarasaan ngala mayang
Teu nyaho cakeutreuk leuweung
Rarasaan koneng umyang
Teu nyaho cakeutreuk hideung

Silih asih

Daek soteh ka cinangka
ka Cisitu mah teu purun
daek soteh ka manehna
ka nu itu mah teu purun

Hayang teuing kueh bugis
teu bisa ngasakanana
hayang teuing ka nu geulis
teu bisa ngakalanana

Ka mana nya nyiar kulit
Hayang geura sesewiran
Ka mana nya nyiar duit
Hayang seubeuh pelesiran

Lain bangban lain pacing
Lain kananga kuduna
Lain babad lain tanding
Lain ka dinya kuduna

Mihape sisir jeung minyak
Kade kaancloman leungeun
Mihape pikir jeung niat
Kade kaangsonan deungeun

Cau ambon dikorangan
Malati kapipir-pipir
Lalaki ambon sorangan
Awewe teu mikir-mikir

Kapinis ulah disumpit
Tangkal muncang ngarangrangan
Ieu nulis bade pamit
Duakeun ti kaanggangan

Karinding palapah kawung
Ditiup ku nu paranti
Nu ginding ulang mangpaung
Sing emut ka diri abdi

Kaso pondok kaso panjang
Kaso ngaroyom ka jalan
Sono mondok sono nganjang
Sono patepang di jalan

Kembang goyang jeung ermawar
Pacampur jeung kacaping
Hariwang rea kakelar
Tagiwur teu geunah cicing

Lampuyang nu cocongoan
Bawaeun ka Rajagaluh
Ku hayang nya sosonoa
Isuk mah ulah pajauh

Leuleupeutan leuleumeungan
Ngarah kekejoanana
Deudeukeutan reureujeungan
Ngarah tetenjoanana

Majar maneh nganyam samak
Neukteukan bari motongan
Majar maneh neang anak
Ngadeukeutan popotongan

Ngala antanan ka jami
Cau emas tengah huma
Kahayang ulah rek lami
Geura unjukan ka ama

Pucuk tiwu akar bangban
Amis mata di susukan
Mun rek milu geura dangdan
Cimata geura susutan

Rayagung tanggal sapuluh
Kasungka reujeung malela
Abdi burung mun teu tulus
Kasuda da ti baheula

Reundeu beureum reundeu hideung
Reundeu kayas solempangan
Beuki heubeul beuki nineung
Beuki laas kaedanan

Samping hidung dina bilik
Kumaha nuhurkeunana
Abdi nineung ka nu balik
Kumaha nuturkeunana

Sayang kaak diarengan
Diasupkeun kana peti
Hayang angkat sasarengan
Bati gegetun nya ati

Mun teu tulus ka paseukna
Ka pacirna oge hade
Mun teu tulus ka lanceukna
Ka adina oge hade

Sapanjang jalan soreang
Moal weleh diaspalan
Sapanjang tacan kasorang
Moal weleh diakan

3) Paparikan

Asalna tina kecap parik, anu sumberna tina parek, hartina deukeut. Paparikan atawa paparekan teh maksudna mah deudeukeutan. Dina hukum sisindiran anu padeukeut teh nya eta sada atawa sora dina cangkang jeung eusi kawih.

Paparikan diwangun ku opat jajar. Unggal padalisan diwangun ku dalapan engang. jajaran kahiji jeung kadua mangrupa cangkang, sedengkeun jajaran katilu jeung kaopat mangrupa eusi. Contona bisa diilikan saperti ieu di handap.

Hampelas raraga jati	1 (cangkang)
palataran babalean	2 (cangkang)
iklas raga sareng pati	3 (eusi)
ngabelaan kasaeen	4 (eusi)

Mawa peti dina sundung
ditumpangan ku karanjang
pangarti teu beurat naggung
tapi mangpaatna manjang

Lauk emas ngakan ganggeng
disamberan ku japati
boga emas moal langgeng
teu cara boga pangarti

Silih asih

Aya meri dina rakit
Boboko wadah bakatu
Lain nyeri ku panyakit
Kabogoh direbut batur

Baju hideung kancing tangan
Dikaput ku merang awi
Nu hideung matak teu nangan
Sing emut ka diri abdi

Baju soeh tatambalan
Kaput gede jarumatna
Daek soteh ngawulaan
Lamun hade rumawatna

Carulang dipahpal kuda
Hejo deui-hejo deui
Rek mulang samar kaduga
Nejo deui-nenjo deui

Seungit kembang sumarsana
Bawa angin ngadalingding
Nu laip kieu rasana
Nandang nyeri tanpa tanding

Talingtung talina benang
Mobil beureum diguratan
Satungtung teu acan beunang
Moal eureun disuratan

Tangkal manjah sisi lamping
Tangkal putat kaibunan
Hate bungah tanpa tanding
Nampi serat kikintunan

piwuruk

Baju kutud heureut pola
Dikelin teu dijaluju
Mun teu cucud ti sakola
Arisin balik ka lembur

Ka kulah nyiar kapiting
Ngocok lobak bobodasna
Ulah sok liar tipeuting
Osok loba gogodana

Susuru opat ngajajar
Katinggang ku daun jati
Guguru kapalang ajar
Cara kembang burung jadi

Sesebred

Cau naon-cau naon
Cau kulutuk di juru
Bau naon-bau naon
Bau hitut nu di juru

Cikur jangkung jahe koneng
Lampuyang pamura beuteung
Rarasaan jangkung koneng
Puguh mah bureuteu hideung

Daun jarak dibeungkeutan
Dibawa ka jalan gede
Anu harak ngadeukeutan
Hayangeun dibawa hade

Salian ti nu di luhur aya oge nu disebut paparikan dangding, biasana diwangun ku dua pada pupuh. Pada kahiji mangrupa cangkang, pada kadua mangrupa eusina. Contona saperti ieu di handap.

Kinanti

Ngalantung mulungan tanjung
Bari melak nagasari
Kembang goyang jeung ermawar
Pacampur jeung kacapiring
Seungit kembang sumarsana
Bawa angin ngadalingding

} cangkang

Baringung piker mangpaung
Ati ngerik jeung rarisi
Hariwang rea kakelar
Tagiwur teu ngeunah cicing
Nu laip kieu rasana
Nandang nyeri tanpa tanding

} eusi

SESEBRED/JENAKA

Ka kota ka tanjung siang
Ti garut mulung rambutan
Nyarita teu kudu panjang
Bisi kaburu nundutan

tumbila diadu boksen
disidikkeun teu dipisah
ngabandingan kalah bosen
Pipikiran geus di imah

SISINDIRAN

1. Majar manéh melak salam
Geuning kalah melak jaat
Majar manéh urang Islam
Geuning tara daék salat
2. Mang Ade keur dagang bandrék
Diborong ku tukang bubur
Nu hade loba kadaék
Komo bari laku jujur
3. ngaronda naék padati
Digusur ka Cimalaya
Sakola ngala pangarti
Lain eukeur loba gaya

Isi tulisan di atas orisinal karya sendiri, isi hasil adaptasi dari beberapa Sumber
Salmun, M.A. 1958. *Kandaga Kesusastraan*. Jakarta: BP
Iskandarwassid. 1922. *Kamus Istilah Sastra*: geger Sunten.